

Ki sa yon “screening” ye?

Tout egzamen medikal yo fe pou we si genyen pwoblèm avèk sante.

Ki sa yon egzamen medikal pou zorey bebe ye?

Se le yo fe egzamen medikal pou bebe ou pou yo kapab wè si li genyen pou li tandé.

Koman egzamen zorey la fèt?

Gen yon machin espesyal ki montre si bebe ya tandé son. Se yon egzamen fasil ki pap fè ti bebe a mal. Ou kapab jwen rezilta avan ou kite lopital la.

Pou kisa li enpòtan pou ou fè egzamen zorey pou ti bebe?

Si ti bebe ou gen pwoblèm pou li tandé, li enpòtan pou doktè wè sa bonè. Lè sa, bebe ou kapab jwen èd pou li kapab apran e pou li kapab pale.

Sou chak 1,000 bebe, 3-4 ka genyen pwoblèm pou yo tandé depi lè yo fèt.

Ki kote pou ou ale si ou bezwen fè lòt egzamen pou zorey?

Lopital la ape fè yon lòt randevou pou bebe ou pou yon lòt egzamen. Si lopital la paka ba ou yon lòt randevou, ou mèt rele Pwogram Inivèsèl pou fè Egzamen Zorey pou Bebe (Universal Newborn Hearing Screening Program) nan 1-800-882-1435 pou ou chache konnen ki kote ou kapab ale pou yon lòt egzamen.

Ki sa pou mwen fè si doktè defèmine ke pitit mwen gen pwoblèm pou li tandé?

Fanmi pitit la travay avèk doktè pitit la pou yo kapab decide ki jan pou yo pran swen pitit la. Gen Fanmi ki sevi avèk Pwogram Ki Ede Devlopman Ti Moun (Early Intervention Program) souvan nan cominote yo. Pwogram sa- yo bay sèvis pou fanmi avèk pitit ki gen pwoblèm sante.



Egzamen ki fèt aprè premye egzamen medikal la enpòtan. Si bebe ou genyen pwoblèm pou li tandé, ou ape konnen byen bonè.

Ki sa sa vle di si bebe ou pa pase egzamen medikal pou zorey?

Si bebe ou pa pase egzamen medikal la, li bezwen fè li lòt egzamen. Egzamen sa yo pral bay plis enfòmasyon sou jan bebe ou tandé.



Anpil bebe ki gen pwoblèm pou yo tande, sote lè yo tande gwo bri. Se sèl egzamen medikal ki kapab fè ou konnen si yon bebe gen pwoblèm nan zorey.

Genyen bebe ki ka bezwen plis egzamen menm si yo pase egzamen pou zorey la le yo fèk fèt. Li trè enpòtan pou ou pale avèk doktè pitit ou, pou ou pran randevou si:

- * Genyen moun nan fanmi ou ki genyen pwoblèm pou yo tande ou byen ki pa tande menm, ou byen ki pa tande depi yo ti bebe.
- * Manman an te genyen enfeksyon lè li te ansent, tankou herpes ou byen la roujòl
- * Ti bebe ou la te genyen yon enfeksyon ou byen yon maladi ki bezwen remèd nan yon Neonatal Intensive Care Unit (NICU)
- * Ou santi ke pitit ou pa apran menmjan timoun laj li
- * Pitit ou genyen anpil enfeksyon nan zorey
- * Pitit ou te genyen yon enfeksyon grav tankou enfeksyon nan sèvo
- * Pitit ou (te) frappe nan tèt
- * Pitit ou genyen yon kondisyon ki kapab fè li pa tande anklò

Pwogram Inivèsèl pou fè Egzamen Zorey pou Bebe

- * Sipo pou fanmi
- * Edikasyon
- * Sipo Paran-ak-paran
- * Enfòmasyon e referans
- * Asistans teknikal pou fanmi, sant sante kote yo fe egzamen pou zorey
- * Enfòmasyon pou fanmi, pwofesyonel nan medsin, e Gen Fanmi ki sevi avèk Pwogram Ki Ede Devlopman Ti Moun (Early Intervention Program)
- * Koneksyon pou tout resous ki sou men

Pwogram Inivèsèl pou fè Egzamen Zorey pou Bebe ede fanmi jwen sèvis yo bezwen. Rele jodi a si ou genyen kesyon ou byen si ou vle konnen ki kote pou ou fè egzamen zorey pou pitit ou.



Universal
Newborn Hearing
Screening Program

Enfòmasyon pou fanmi, rele ou byen al sou “internet” la nan
Telephone: 800-882-1435
TTY: 617-624-5992
Email: newborn.hearing@state.ma.us

Department of Health and Human Services Health Resources and Services Administration, Maternal and Child Health Bureau te bay èd pou feyè sa. CFDA No. 95.951 Grant No. 5 H61MC 00002-03

*Ti zwazo kote ou pwale,
Mwen pwale kay fiyet lalo*

Fiyet lalo kon manje timoun...

èske bebe ou kapab tande ti chante sa-a?



Universal
Newborn Hearing
Screening Program